

## KHUTBAH FADHILAH DZIKIR

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ  
أَنفُسِنَا وَسَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يُضْلِلُ فَلَا  
هَادِي لَهُ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ اللَّهُمَّ  
صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَهْلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبَعَهُمْ بِإِحْسَانٍ  
إِلَى يَوْمِ الدِّينِ . يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا  
وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ . قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ  
الرَّجِيمِ . يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اذْكُرُوا اللَّهَ ذِكْرًا كَثِيرًا . وَسَبِّحُوهُ بُكْرَةً  
وَأَصِيلًا (الاحزاب : 41-42)

Hadirin jama'ah jum'ah rahimakumullah !

Wonten kesempatan ingkang sae menika kawula ngajak dumateng panjenengan sami, sumonggo mumpung taksih sehat lan sempat kita budidaya amrih soyo ningkatipun anggen kita taqwa dhumateng Allah swt. kanthi nambah anggen kita ngibadah dumateng Panjenenganipun. Punopo ingkang dados perintahipun kita amalaken lan punopo ingkang dados larangipun kita tebihi. Kanthi mekaten mugi-mugi kita saget wilujeng begjo fiddunya wal akhirah.

Hadirin jama'ah jum'ah rahimakumullah !

Salah setunggaling perintahing Allah inggih punika ngathah-ngathaken dzikrullah kanthi nyebut asmanipun Allah. Allah swt. sampun dhawuh :

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اذْكُرُوا اللَّهَ ذِكْرًا كَثِيرًا . وَسَبِّحُوهُ بُكْرَةً وَأَصِيلًا  
(الاحزاب : 41-42)

Artosipun : He wong akeh kang podo iman, podo dzikiro marang Allah kelawan dzikir kang akeh. Lan podo mocoo tasbih ono ing wektu esok lan sore (QS. Al-Ahzab : 41-42)

Hadirin jama'ah jum'ah rahimakumullah !

Tiyang ingkang dipun parangi hidayah dening Allah swt. arupi kerso ngathah-ngathahaken maos dzikir dumateng Panjenenganipun menika begjo sanget. Sebab fadhilah ingkang bade dipun tampi punika kathah sanget, ing antawisipun :

Sepindah : Manahipun ayem tentrem, boten gampang susah, boten gampang nesu lan boten gampang budrek. Kados ingkang sampun kadhawuhaken wonten Al-Quran surat Ar-Ra'd : 28) :

**الَّذِينَ آمَنُوا وَتَطْمَئِنُ قُلُوبُهُمْ بِذِكْرِ اللَّهِ أَلَا بِذِكْرِ اللَّهِ تَطْمَئِنُ الْقُلُوبُ**  
**(الرعد : ٢٨)**

Artosipun : Yoiku wong akeh kang podo iman lan atine wong-wong mau podo adem ayem kelawan dzikrullah. Podo elingo yen kelawan dzikir marang Allah iku biso nentremne ati. (QS. Ar-Ra'd : 28)

Nomer kalih : Pikantuk pangapuro saking ngarso Dalem Allah swt. lan pikantuk ganjaran ingkang ageng. Allah sampun janji wonten ing Al-Quran lan Allah boten bade blenjani janji, kados kadhwuhaken :

**وَالَّذِينَ كَثِيرًا وَالَّذِينَ أَعْدَ اللَّهُ لَهُمْ مَغْفِرَةً وَأَجْرًا عَظِيمًا**  
**(الاحزاب : ٣٥)**

Artosipun : Wong-wong lanang lan wong-wong wadon kang akeh dzikire kelawan nyebut asmane Allah, Allah wus nyedhiyani kanggo wong-wong mau ampuan lan ganjaran kang gedhe. (QS. Al-Ahzab : 35)

Nomer tiga : Bade dipun lindungi lan dipun tulung dening Allah wonten pundi kemawon selami piyambak-ipun maos dzikir. Wonten Hadits Qudsi Allah dhawuh :

**أَنَا مَعَ عَبْدِي مَا ذَكَرْتِ وَتَحَرَّكْتِ بِي شَفَّاتُهُ (رواه ابن ماجه وابن حبان)**  
(

Artosipun : Ingsun Allah nyartani kawula Ingsun selagi kawula iku dzikir marang Ingsun lan lambene obah-obah mergo dzikir marang Ingsun. (HR. Ibnu Majah dan Ibnu Hibban)

Nomer 4 : Pikantuk rahmat saking ngarso dalem Allah swt., dipun lindungi Para Malaikat lan dipun puji Allah wonten ngajengipun majlis Para Malaikat. Rasulullah saw. ngendika :

**عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ وَأَبِي سَعِيدٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا أَنَّهُمَا شَهِدا عَلَى رَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ أَنَّهُ قَالَ : لَا يَقْدُمُ قَوْمٌ يَذْكُرُونَ اللَّهَ إِلَّا حَفَّتُهُمُ الْمَلَائِكَةُ وَغَشِّيَّتُهُمُ الرَّحْمَةُ وَنَزَّلْتُ عَلَيْهِمُ السَّكِينَةَ وَذَكَرَهُمُ اللَّهُ فِيمَنْ عِنْدَهُ (اخوجه ابن أبي شيبة وأحمد ومسلم وابن ماجه والبيهقي )**

Artosipun : Saking Abu Hurairah lan Abu Sa'id radhiyallhu 'anhuma, kekalihipun nyeksi-aken bilih Rasulullah saw. dhawuh : Ora ono suwijine kaum kang podo lungguh karo dzikir marang Allah kejobo kaum iku dikupengi para Malaikat, diparingi rahmat, diparingi ketentreman lan dipuji Allah ono ngarepe Majlis para Malaikat. (HR. Ibnu Abi Syaibah, Ahmad, Muslim, Ibnu Majah lan Baihaqi)

Nomer 5 : Saget nyelametaken saking sikso kubur. Dipun dhawuhaken wonten Hadits : Rasulullah saw. wonten setunggaling perjalanan dumadakan Onta ingkang dipun tumpak-i mandek ketakutan. Shahabatipun nyuwun pirso : Wonten nopo duh Rasulullah ? Rasulullah jawab : Ono suwijine wong disikso ono kuburane. Mergo krungu jeritane Onta iki mandeg wedi. Rasulullah saw. dhawuh:

عَنْ مُعَاذِ بْنِ جَبَلٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ : قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : مَا عَمِلَ أَدَمِيٌّ عَمَّا لَأْنْجَى لَهُ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ مِنْ ذِكْرِ اللَّهِ (رواه احمد)

Artosipun : Saking Mu'ad bin Jabal r.a. ngendika : Rasulullah saw. dhawuh : Amale menungso anak turune nabi Adam kang luweh nyelametake songko sikso kubur yoiku dzikrullah / dzikir marang Allah. (HR. Ahmad)

Hadirin jama'ah jum'ah rahimakumullah !

Mekaten hebatipun fadhilah dzikirullah utawi dzikir kanthi nyebut asmane Allah. Milo monggo kita yakini fadhilahipun dzikir, lajeng kita amalaken perintahipun Allah ingkang arupi dzikir kolowau, utaminipun ba'da shalat fardhu sampun ngantos boten dzikir. Menawi shalat jama'ah sampun ngantos matko lamcing (komat teko salam plencing, boten purun dzikir). Langkung-langkung ingkang yuswanipun sampun 40 (sekawan doso) tahun minggah, kedah langkung sregep anggenipun ngibadah, kalebet dzikrullah kolowau, sebab soyo celak kaliyan anggenipun bade sowan wonten ngarsanipun Allah swt.

Hadirin jama'ah jum'ah rahimakumullah !

Mekaten khutbah ingkang saget kawula aturaken, mugi-mugi Allah swt. paring hidayah lan paring semangat dumateng kita sami, sehingga kita sami soyo meningkat anggenipun ngibadah, soyo meningkat anggenipun dzikir lan akhiripun saget wilujeng bahagia fiddunya wal-akhirah. Amin ya Rabbal 'aalamiin.

بَارَكَ اللَّهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنْ آلَيَاتٍ  
وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِيْ وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ  
الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

PENUSUN : DRS. H. AHMAD MUJIONO